# VODOU JODYA



Jodya ak diaspora a, Vodou ka pratike nenpòt ki kote. Ou ka jwenn li nan nasyon afriken yo, nan Amerik di nò ak Amerik di sid. Nan Amerik di sid la li rele Santeria (Kiba Ak Meksik), o Brezil yo rele li Kandomble, nan Jamayik yo rele li Obya.

Foto nou wè anlè a se foto selebrasyon Vodou nan Benen ak Lafrik de lwès kote dè milye de pratikan ap onore deès yo lè yap fè lavaj, ap fimen epi ap resevwa move lespri pou demontre la posèsyon.

## 12 BRANCH FANMI PÈP IZRAYÈL LA JODYA

1. Jida (Nwa Ameriken)
2. Benjamen (Lwès Endyen Nwa)
3. Levi (Ayisyen)
4. Efrayim (Potoriken yo)
5. Manase (Kiben)
6. Simeyon (Dominiken)
7. Riben (Endyen Seminole)
8. Gad (Ameriken di Nò Natif Natal)
9. Nèftali (Ajantin ak Chile)
10. Zabilon (Gwatemala rive Panama)
11. Asè (Kolonbi rive Irigwe)
12. Isaka (Endyen Meksiken)

EZAYI 11:11 *DISPÈSE NAN LAFRIK AK ALETRANJE*


**IZRAYÈL INI NAN KRIS**
WWW.ISRAELUNITE.ORG
YOUTUBE: IUIC HAITI
FACEBOOK: IUIC HAITI

OU KAPAB CHÈCHE YON KOTE KI PRE POU RASANBLE
WWW.ISRAELUNITE.ORG/VISTORS/

POU PLIS ENFOMASYON OU POU VOYE DON YO, EKRI: P.O. BOX. 2695
NEW BURGH N.Y. 12550
E-MAIL: ISRAEL@ISRAELUNITE.ORG
RELE (855) 484-4842 (IUIC) EXT 7023


# VERITE SOU VODOU

# *MAJI AK ESPIRITYALIS*



Vodou se yon relijyon senkretik ki soti nan Lafrik de lwès ak Lafrik santral. Nou ka jwenn li pami Benen, pèp Yoruba ak Kongo. Anpil swa dizan ayisyen ka trase zansèt yo nan peyi Benen, Kongo ak antouraj lan. Yo konbine kwayans peyi yo, tankou adorasyon zansèt yo ak lespri chèf ki mouri, avèk pratik Katolik yo. Sete desandan pèp Yoruba ki te swiv koutim Santeria/Vodou, men kounya nou ka jwen li tou patou nan mond lan.

**Egzòd 20:3-5**

3 Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm selman
4 Piga nou janm fè okenn estati ni okenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan
syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou adore
5 yo, ni piga nou sèvi yo. Paske mwen menm, Senyè a, Bondye nou an, mwen
se yon Bondye ki fè jalouzi. Lè yon moun rayi m, mwen fè pitit li, pitit pititi
li ak pitit pitit pitit li yo peye sa.



# SA BIB LA DI DE VODOU




Depi nan Lafrik nan Yoruba monte Lejip inisyasyon Vodou yo, daprè tradisyon an fèt an sekrè ak sistèm klas yo tou. Lè yon moun aksepte sèvi lwa, se yon angajman pou lavi epi yo fè seremoni pou moun mouri.

### Mak 12:27

Bondye se Bondye moun vivan li ye, li pa Bondye moun mouri. Nou wè nou nan lerè anpil, pa vre?

Rityèl ke yo rele sèvis, konpoze de mizik nan bat tanbou, gen chante, gen danse, yo lapriyè e ka gen sakrifis bèt tou. Aksyon sa yo vin fè lwa desann antre sou yon manm sèvis la epi yon lespri monte sou li.



### Ezayi 5:20

Madichon pou moun ki vle fè byen pase pou mal, mal pase pou byen, pou moun k'ap di fènwa se limyè, limyè se fènwa, pou moun k'ap di bagay anmè dous, bagay dous anmè.



Vwayan oswa divinasyon. Yo itilize plisyè fòm divinasyon, tankou poupe ki rele gris-gris, pou yo ka reprezante yon moun. Yo fè sa lè yo pran poupe an, abiye li oswa dekore li pou li ka sanble yon moun epi yo konn mete zeguiy ladann.

### Detewonòm 18:10-12

10 Piga pèsonn nan nou pran pitit gason osinon pitit fi li pou li boule nan dife pou zidòl. Piga gen pèsonn nan mitan nou k'ap fè divinò, k'ap etidye zetwal nan syèl la pou konnen sa ki gen pou rive, k'ap pran pwen k'ap fè maji.

11 Piga gen nan mitan nou moun k'ap sèvi ak cham, moun ki pral nan tab tounant, k'ap vizite moun ki konn tire kat, ak moun k'ap rele mò pou pale ak yo.

12 Paske Senyè a pa vle wè moun k'ap fè bagay sa yo. Epitou, se paske moun lòt nasyon yo t'ap fè tout vye bagay sa yo kifè Senyè a, Bondye nou an, te mete yo deyo pou nou ka pran plas yo.

### Revelasyon 21:8

Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò a.

# VODOU

# MAJI AK ESPIRITYALIS



Desizyon'm pou'm detwi otorite nwa yo nan Sen Domeng (Ayiti) pat baze sou konsiderasyon komès ak lajan, men pou'm bloke avansman nwa yo nan mond lan pou toujou.

Vodou pran enfliyans nan kolon fransè yo ki te kontrole koloni Sendomeng nan, ki vin bay yon enfliyans Katolik Women ak Masonri ladann. Enfliyans sa, te yon rezilta Pèsekisyon esklav yo tap sibi pandan kolonizasyon blan Fransè yo ki tap fòse yo konvèti nan relijyon payo a. Opresyon sa vin chanje Vodou tradisyonel la ki te sòt nan Lafrik epi vin fòme Vodou nou jwenn jodya an Ayiti.

### Eklezyas 9:5

Wi. Moun vivan yo konnen yo gen pou yo mouri. Men moun mouri yo pa konn anyen. yo pa bezwen tann anyen ankò pou sa yo fe. Tale konsa tout moun bliye yo.

## VODOU SE

### ADORASYON FANM

Plis An Plis fanm ap aji tankou prèt nan Vodou, yo rele yo Manbo, kounya yo ka plis pase gason. Pi fò manm kongregasyon yo se fanm. Se yo menn ki fe rityèl oswa inisyasyon nan relijion an. Fanm ki gen pouvwa te toujou nan mitan Vodou. Pi fò moun ki pratike Vodou, anpil nan yo katolik tou. Vodou se relijyon nasyonal Ayiti, menm si ou jwenn lòt relijyon tankou katolik ak protestan. Ou ka jwenn li tou nan Etazini "New Orleans" yon kote ki rekonèt pou kilti Vodou a. Blan fransè yo te kouri kite Sendomeng nan tan revolisyon an e yo ale "New Orleans", Louisiana avek esklav yo. Se poutèt sa nou ka jwenn Vodou nan zòn sa. Men jodya ak diaspora a, Vodou ka pratike nenpòt ki kote.



### Chirasid 25:24

Se avèk fanm peche konmanse. Se fanm ki lakòz nou tout gen pou mouri.